

Tibebe Ou nan 4 Mwa



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan tibebe ou rive nan fen 4 mwa yo. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Tibebe Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- Tibebe a ri toudenkou, sitou ba moun
- Li renmen jwe avèk moun epi li ta ka kriye lè jwèt la sispann
- Li imite kèk mouvman ak ekspresyon vizaj, tankou souri oswa figi sonb

Langaj/Kominikasyon

- Tibebe a kòmanse gazouye
- Li gazouye avèk ekspresyon epi li imite son li tande
- Li kriye nan fason diferan pou montre li grangou, li gen doulè, oswa li fatige

Koyitif (aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- Li fè ou konnen li gen kè kontan oswa li tris
- Li reponn nan afeksyon
- Li pran jwèt avèk yon men
- Li itilize men ak zye li ansanm, tankou pou li wè yon jwèt epi pou li pran jwèt la
- Li swiv bagay yo avèk zye li depi yon bò jiska lò bò a
- Li siveye vizaj yo depre
- Li rekonèt moun ak bagay li abitye avèk yo sou yon distans

Mouvman/Devlopman Fizik

- Tibebe a kenbe tèt li dwat, san sipò
- Li apiye sou janm li lè pye li sou yon sifas ki di
- Li kapab woule sou vant li pou vire sou do
- Li kapab kenbe yon jwèt epi li kapab souke jwèt epitou li kapab balanse nan jwèt ki pandye yo
- Li mete men li nan bouch li
- Lè li kouche sou vant, li monte sou koud-bra li

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- Pa siveye bagay yo pandan y ap bouje
- Pa ri ba moun
- Pa kapab kenbe tèt li dwat
- Pa woukoule oswa Pa fè son
- Pa mete bagay nan bouch li
- Pa pran apui avèk jan li lè pye li sou yon sifas di
- Gen pwoblèm pou bouje youn oswa toulède zye li nan tout direksyon

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopmanal posib, fè doktè ou enfimye pitit ou konnen sa, epi rele 311 pou mande Entèvansyon Bonè.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.